# Gen

## Chapter 48

### Javanese Interlinear

Reference: Javanese Bible (SABDA)

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| לְיוֹסֵ֔ף | וַיֹּ֣אמֶר | הָאֵ֔לֶּה | הַדְּבָרִ֣ים | אַחֲרֵ֗י | וַיְהִ֗י | 1 |
| dhateng–Yusuf | sarta–dipun–cariyosaken | punika | prakawis | sasampunipun | Lajeng–dados | |
| H3130 | H0559 | H0428 | H1697 | | H1961 | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| בָנָיו֙ | שְׁנֵ֤י | אֶת־ | וַיִּקַּ֞ח | חֹלֶ֑ה | אָבִ֖יךָ | הִנֵּ֥ה |
| putra–nipun | kalih | (objek) | Lajeng–mendhet | gerah | bapak–panjenengan | Mangke |
| | H8147 | H0853 | H3947 | | H0001 | H2009 |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| אֶפְרָֽיִם׃ | וְאֶת־ | מְנַשֶּׁ֖ה | אֶת־ | עִמּ֔וֹ |
| Èfrayim | lan | Manasye | (objek) | sareng–piyambakipun |
| H0669 | H0853 | H4519 | H0853 | |

> Kacarita sawuse lelakon iku mau Sang Yusuf kaaturan uninga: “Rama dalem gerah!” Sang Yusuf tumuli ngajak putrane loro, Manasye lan Efraim.

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| יוֹסֵ֖ף | בִּנְךָ֥ | הִנֵּ֛ה | וַיֹּ֔אמֶר | לְיַעֲקֹ֔ב | וַיַּגֵּ֣ד | 2 |
| Yusuf | putra–panjenengan | Mangke | sarta–ngandika | dhateng–Yakub | Lajeng–dipun–cariyosaken | |
| H3130 | | H2009 | H0559 | H3290 | H5046 | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| הַמִּטָּֽה׃ | עַל־ | וַיֵּ֖שֶׁב | יִשְׂרָאֵ֔ל | וַיִּתְחַזֵּק֙ | אֵלֶ֑יךָ | בָּ֣א |
| paturan | wonten | sarta–lenggah | Israel | Lajeng–nguataken | dhateng–panjenengan | rawuh |
| H4296 | | H3427 | H3478 | H2388 | H0413 | H0935 |

> Bareng Rama Yakub diaturi uninga: “Lah punika ingkang putra Sang Yusuf rawuh martuwi panjenengan.” Rama Israel tumuli ngiyat-ngiyatake sarirane lan lenggah ana ing pasareane.

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| נִרְאָֽה־ | שַׁדַּ֛י | אֵ֥ל | יוֹסֵ֔ף | אֶל־ | יַעֲקֹב֙ | וַיֹּ֤אמֶר | 3 |
| ngatingal | Ingkang–Mahakuwaos | Gusti Allah | Yusuf | dhateng | Yakub | Lajeng–ngandika | |
| H7200 | H7706 | H0410 | H3130 | H0413 | H3290 | H0559 | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| אֹתִֽי׃ | וַיְבָ֖רֶךְ | כְּנָ֑עַן | בְּאֶ֣רֶץ | בְּל֖וּז | אֵלַ֥י |
| kula | sarta–mberkahi | Kanaan | wonten–tanah | wonten–Lus | dhateng–kula |
| H0853 | H1288 | | H0776 | H3870 | H0413 |

> Rama Yakub banjur ngandika marang Sang Yusuf: “Gusti Allah Kang Mahakawasa, wus ngatingali aku ana ing Lus ing tanah Kanaan lan mberkahi aku,

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| וְהִרְבִּיתִ֔ךָ | מַפְרְךָ֙ | הִנְנִ֤י | אֵלַ֗י | וַיֹּ֣אמֶר | 4 |
| lan–nambahi–sira | ndadosaken–awoh–sira | Mangke–Aku | dhateng–kula | Sarta–ngandika | |
| | H6509 | H2009 | H0413 | H0559 | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| הָאָ֧רֶץ | אֶת־ | וְנָתַתִּ֞י | עַמִּ֑ים | לִקְהַ֣ל | וּנְתַתִּ֖יךָ |
| tanah | (objek) | lan–Aku–badhe–maringi | bangsa–bangsa | dados–pakempalan | lan–ndadosaken–sira |
| H0776 | H0853 | H5414 | | H6951 | H5414 |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| עוֹלָֽם׃ | אֲחֻזַּ֥ת | אַחֲרֶ֖יךָ | לְזַרְעֲךָ֛ | הַזֹּ֗את |
| langgeng | dados–milik | sasampunipun–sira | dhateng–turun–sira | punika |
| H5769 | H0272 | | H2233 | H2063 |

> sarta aku dipangandikani: Lah sira bakal Sundadekake bebranahan lan tangkar-tumangkar, sarta Sundadekake gegolonganing bangsa. Apadene turunira bakal Sunparingi tanah iki dadi ebeke ing salawas-lawase.

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| בְּאֶ֣רֶץ | לְךָ֛ | הַנּוֹלָדִ֨ים | בָנֶ֩יךָ֩ | שְׁנֵֽי־ | וְעַתָּ֡ה | 5 |
| wonten-tanah | kangge-panjenengan | ingkang-lair | putra-panjenengan | kalih | Lan-sapunika | |
| H0776 | | H3205 | | H8147 | H6258 | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| לִי־ | מִצְרַ֖יְמָה | אֵלֶ֛יךָ | בֹּאִ֥י | עַד־ | מִצְרַ֗יִם |
| kula-kagungan | dhateng-Mesir | dhateng-panjenengan | kula-rawuh | saderengipun | Mesir |
| | H4714 | H0413 | H0935 | H5704 | H4714 |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| לִֽי׃ | יִֽהְיוּ־ | וְשִׁמְע֖וֹן | כִּרְאוּבֵ֥ן | וּמְנַשֶּׁ֔ה | אֶפְרַ֙יִם֙ | הֵ֑ם |
| kula-kagungan | badhe-dados | lan-Simeon | kados-Rubèn | lan-Manasye | Èfrayim | piyambakipun |
| | H1961 | H8095 | H7205 | H4519 | H0669 | H1992 |

> Kang iku anakmu loro kang laire patutan karo kowe ana ing tanah Mesir, sadurunge aku teka mrene, iku padha dadia anakku; Efraim lan Manasye dadia anakku padha kaya Ruben lan Simeon.

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| לְךָ֣ | אַחֲרֵיהֶ֖ם | הוֹלַ֥דְתָּ | אֲשֶׁר־ | וּמוֹלַדְתְּךָ֛ | 6 |
| kangge-panjenengan | sasampunipun | panjenengan-peranakaken | ingkang | Lan-turun-panjenengan | |
| | | H3205 | | H4138 | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| בְּנַחֲלָתָֽם׃ | יִקָּרְא֖וּ | אֲחֵיהֶ֥ם | שֵׁ֧ם | עַ֣ל | יִהְי֑וּ |
| wonten-warisan-nipun | badhe-dipun-sebat | sadherek-nipun | asma | wonten | badhe-dados |
| H5159 | H7121 | H0251 | H8034 | | H1961 |

> Nanging turunmu kang laire sawuse iku, tetepa dadi duwekmu, nanging bab anggone tampa warisan kagolongna atas jenenge sadulure loro mau.

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| כְּנַ֙עַן֙ | בְּאֶ֤רֶץ | רָחֵ֜ל | עָלַ֨י | מֵ֩תָה֩ | מִפַּדָּ֡ן | בְּבֹאִ֣י | וַאֲנִ֣י | 7 |
| Kanaan | wonten-tanah | Rahel | tumrap-kula | pejah | saking-Padan | nalika-kula-rawuh | Lan-kula | |
| | H0776 | H7354 | | H4191 | H6307 | H0935 | H0589 | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| אֶפְרָ֑תָה | לָבֹ֣א | אֶ֖רֶץ | כִּבְרַת־ | בְּע֥וֹד | בַּדֶּ֗רֶךְ |
| Èfrata | kangge-dumugi | tanah | sakedhik | taksih | wonten-margi |
| H0672 | H0935 | H0776 | H3530 | H5750 | H1870 |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| לָֽחֶם׃ בֵּ֥ית | הִ֖וא | אֶפְרָ֔ת | בְּדֶ֣רֶךְ | שָּׁם֙ | וָֽאֶקְבְּרֶ֤הָ |
| Betlehem | punika | Èfrat | wonten-margi | wonten-ngriku | lajeng-kula-ngubur-piyambakipun |
| H1035 | H1931 | H0672 | H1870 | H8033 | H6912 |

> Dene mungguh aku iki, nalika tekaku saka ing Padan, kepaten Rakhel ana ing tanah Kanaan ing dalan kang wus ora pati adoh karo Efrata, nuli dakkubur ana ing kono, ing pinggir dalan kang anjog ing Efrata," -- iya iku Betlehem.

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| אֵֽלֶּה׃ | מִי־ | וַיֹּ֖אמֶר | יוֹסֵ֑ף | בְּנֵ֣י | אֶת־ | יִשְׂרָאֵ֖ל | וַיַּ֥רְא | 8 |
| punika | Sinten | sarta-ngandika | Yusuf | putra-nipun | (objek) | Israel | Lajeng-mirsani | |
| H0428 | H4310 | H0559 | H3130 | | H0853 | H3478 | H7200 | |

> Nalika Rama Israel mirsani para putrane Sang Yusuf, tumuli ndangu: "Iku sapa?"

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| נָֽתַן־ | אֲשֶׁר־ | הֵ֔ם | בָּנַ֣י | אָבִ֔יו | אֶל־ | יוֹסֵף֙ | וַיֹּ֤אמֶר | 9 |
| maringi | ingkang | piyambakipun | Putra-kula | bapak-nipun | dhateng | Yusuf | Lajeng-ngandika | |
| H5414 | | H1992 | | H0001 | H0413 | H3130 | H0559 | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| נָּ֥א | קָֽחֶם־ | וַיֹּאמַ֕ר | בָּזֶ֑ה | אֱלֹהִ֖ים | לִ֥י |
| mugi | Mangga-ngasta-piyambakipun | Lajeng-ngandika | wonten-ngriki | Gusti Allah | dhateng-kula |
| H4994 | H3947 | H0559 | H2088 | H0430 | |

| | |
|---|---|
| וַאֲבָרְכֵֽם׃ | אֵלַ֖י |
| supados-kula-mberkahi-piyambakipun | dhateng-kula |
| H1288 | H0413 |

> Ature Sang Yusuf marang kang rama: "Punika anak kula peparingipun Gusti Allah wonten ing ngriki." Pangandikane Rama Yakub: "Cedhakna ing ngarepku kene, arep dakwenehi berkah."

10

| Hebrew | Gloss | Strong |
|---|---|---|
| וְעֵינֵי | Lan–mripat | |
| יִשְׂרָאֵל | Israel | H3478 |
| כָּבְדוּ | sampun–awrat | H3513 |
| מִזֹּקֶן | saking–sepuh | H2207 |
| לֹא | boten | H3808 |
| יוּכַל | saged | H3201 |
| לִרְאוֹת | kangge–mirsani | H7200 |
| וַיַּגֵּשׁ | Lajeng–ngcelakaken | H5066 |
| אֹתָם | piyambakipun | H0853 |
| אֵלָיו | dhateng–piyambakipun | H0413 |
| וַיִּשַּׁק | sarta–ngaras | |
| לָהֶם | dhateng–piyambakipun | |
| וַיְחַבֵּק | sarta–ngrangkul | H2263 |
| לָהֶם׃ | dhateng–piyambakipun | |

Nanging paningale Rama Israel wus lamur marga saka sepuhe, dadi wus ora bisa mirsani kanthi cetha. Sawuse padha dicedhakake ana ing ngarsane, banjur diarasi sarta dirangkuli.

11

| Hebrew | Gloss | Strong |
|---|---|---|
| וַיֹּאמֶר | Lajeng–ngandika | H0559 |
| יִשְׂרָאֵל | Israel | H3478 |
| אֶל־ | dhateng | H0413 |
| יוֹסֵף | Yusuf | H3130 |
| רְאֹה | Mirsani | H7200 |
| פָנֶיךָ | pasuryan–panjenengan | H6440 |
| לֹא | boten | H3808 |
| פִלָּלְתִּי | kula–ngarep–arep | H6419 |
| וְהִנֵּה | lan–mangke | H2009 |
| הֶרְאָה | ngatingalaken | H7200 |
| אֹתִי | dhateng–kula | H0853 |
| אֱלֹהִים | Gusti Allah | H0430 |
| גַּם | ugi | H1571 |
| אֶת־ | (objek) | H0853 |
| זַרְעֶךָ׃ | turun–panjenengan | H2233 |

Rama Israel banjur ngandika marang Sang Yusuf: “Aku ora nyana yen bakal bisa ndeleng kowe maneh, nanging saiki Gusti Allah malah marengake aku ndeleng turunmu uga.”

12

| Hebrew | Gloss | Strong |
|---|---|---|
| וַיּוֹצֵא | Lajeng–ngedalaken | H3318 |
| יוֹסֵף | Yusuf | H3130 |
| אֹתָם | piyambakipun | H0853 |
| מֵעִם | saking–celak | |
| בִּרְכָּיו | dhengkul–nipun | H1290 |
| וַיִּשְׁתַּחוּ | lajeng–sujud | H7812 |
| לְאַפָּיו | pasuryan–nipun | H0639 |
| אָרְצָה׃ | dhateng–siti | H0776 |

Sang Yusuf banjur ngundurake putrane saka ing antarane jengkune kang rama, banjur tumungkul sungkem ing bumi.

13

| Hebrew | Gloss | Strong |
|---|---|---|
| וַיִּקַּח | Lajeng–mendhet | H3947 |
| יוֹסֵף | Yusuf | H3130 |
| אֶת־ | (objek) | H0853 |
| שְׁנֵיהֶם | kalih–nipun | H8147 |
| אֶת־ | (objek) | H0853 |
| אֶפְרַיִם | Èfrayim | H0669 |
| בִּימִינוֹ | wonten–tengen–nipun | H3225 |
| מִשְּׂמֹאל | saking–kiwa | H8040 |
| יִשְׂרָאֵל | Israel | H3478 |
| וְאֶת־ | lan | H0853 |
| מְנַשֶּׁה | Manasye | H4519 |
| בִשְׂמֹאלוֹ | wonten–kiwa–nipun | H8040 |
| מִימִין | saking–tengen | H3225 |
| יִשְׂרָאֵל | Israel | H3478 |
| וַיַּגֵּשׁ | lajeng–ngcelakaken | H5066 |
| אֵלָיו׃ | dhateng–piyambakipun | H0413 |

Nuli putra sakarone padha diasta dening Sang Yusuf, Efraim ing asta tengen, madhep ing sisih kiwane kang rama, lan asta kiwa ngasta Manasye, kaprenah ing tengene kang rama, banjur dicedhakake ing ngarsane.

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| רֹאשׁ | עַל־ | וַיָּשֶׁת | יְמִינוֹ | אֶת־ | יִשְׂרָאֵל | וַיִּשְׁלַח | 14 |
| sirah | wonten | sarta–mapanaken | tangan–tengen–nipun | (objek) | Israel | Lajeng–ngirimaken | |
| | | H7896 | H3225 | H0853 | H3478 | H7971 | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| מְנַשֶּׁה | רֹאשׁ | עַל־ | שְׂמֹאלוֹ | וְאֶת־ | הַצָּעִיר | וְהוּא | אֶפְרַיִם |
| Manasye | sirah | wonten | kiwa–nipun | lan | ingkang–anem | lan–piyambakipun | Èfrayim |
| H4519 | | | H8040 | H0853 | H6810 | H1931 | H0669 |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| הַבְּכוֹר׃ | מְנַשֶּׁה | כִּי | יָדָיו | אֶת־ | שִׂכֵּל |
| ingkang–pambarep | Manasye | amargi | tangan–nipun | (objek) | nyilangaken |
| H1060 | H4519 | | H3027 | H0853 | |

> Nanging Rama Israel anggone ngulungake astane tengen ditumpangake ing sirahe Efraim, sanadyan iku kang nom, lan astane kiwa ing sirahe Manasye, dadi anggone numpangake astane kagawe trajangan, mangka Manasye iku kang pembajeng.

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| אֲבֹתַי | הִתְהַלְּכוּ | אֲשֶׁר | הָאֱלֹהִים | וַיֹּאמַר | יוֹסֵף | אֶת־ | וַיְבָרֶךְ | 15 |
| leluhur–kula | mlampah | ingkang | Gusti Allah | sarta–ngandika | Yusuf | (objek) | Lajeng–mberkahi | |
| H0001 | H1980 | | H0430 | H0559 | H3130 | H0853 | H1288 | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| אֹתִי | הָרֹעֶה | הָאֱלֹהִים | וְיִצְחָק | אַבְרָהָם | לְפָנָיו |
| kula | ingkang–ngengon | Gusti Allah | lan–Iskak | Abraham | wonten–ngarsanipun–Panjenenganipun |
| H0853 | | H0430 | H3327 | H0085 | H6440 |

| | | | |
|---|---|---|---|
| הַזֶּה׃ | הַיּוֹם | עַד־ | מֵעוֹדִי |
| punika | dinten | ngantos–dumugi | wiwit–gesang–kula |
| H2088 | H3117 | H5704 | H5750 |

> Tumuli mberkahi marang Sang Yusuf: “Eyangku lan ramaku, Eyang Abraham lan Rama Iskak, tansah ngabekti marang Gusti Allah. Iya Gusti Allah iku kang dadi pangenku sajegku urip tekan saiki.

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| אֶת־ | יְבָרֵךְ | רָע | מִכָּל־ | אֹתִי | הַגֹּאֵל | הַמַּלְאָךְ | 16 |
| (objek) | Panjenenganipun–mberkahi | piawon | saking–sedaya | kula | ingkang–nebus | Malaekat | |
| H0853 | H1288 | | H3605 | H0853 | | H4397 | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| אַבְרָהָם | אֲבֹתַי | וְשֵׁם | שְׁמִי | בָהֶם | וְיִקָּרֵא | הַנְּעָרִים |
| Abraham | leluhur–kula | lan–asma | asma–kula | wonten–piyambakipun | lan–dipun–sebat | para–lare |
| H0085 | H0001 | H8034 | H8034 | | H7121 | H5288 |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| הָאָרֶץ׃ | בְּקֶרֶב | לָרֹב | וְיִדְגּוּ | וְיִצְחָק |
| bumi | wonten–tengah | kathah | lan–kathah–dados | lan–Iskak |
| H0776 | H7130 | H7230 | H1711 | H3327 |

> Sang Malaekat kang wus nguwalake aku saka sarupaning bebaya, muga karsaa mberkahi bocah-bocah anom iki, supaya dadia jalarane jenengku sarta asmane eyangku lan ramaku, iya Eyang Abraham lan Rama Iskak dadi misuwur marga saka bocah-bocah iki, sarta padha ngambra-ambra nganti dadi akeh banget ana ing bumi.”

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| עַל־ | יְמִינוֹ | יַד־ | אָבִיו | יָשִׁית | כִּי־ | יוֹסֵף | וַיַּרְא | 17 |
| wonten | tengen–nipun | tangan | bapak–nipun | mapanaken | bilih | Yusuf | Lajeng–mirsani | |
| | H3225 | H3027 | H0001 | H7896 | | H3130 | H7200 | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| אָבִיו | יַד־ | וַיִּתְמֹךְ | בְּעֵינָיו | וַיֵּרַע | אֶפְרַיִם | רֹאשׁ |
| bapak–nipun | tangan | lajeng–nyekel | wonten–paningalipun | lajeng–awon | Èfrayim | sirah |
| H0001 | H3027 | H8551 | | | H0669 | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| מְנַשֶּׁה׃ | רֹאשׁ | עַל־ | אֶפְרַיִם | רֹאשׁ־ | מֵעַל | אֹתָהּ | לְהָסִיר |
| Manasye | sirah | dhateng | Èfrayim | sirah | saking | piyambakipun | kangge–mindahaken |
| H4519 | | | H0669 | | | H0853 | H5493 |

> Bareng Sang Yusuf mirsa yen kang rama anggone numpangake astane tengen ana ing sirahe Efraim, iku kawawas kurang prayoga, mulane nyepeng astane kang ramane, arep dielih saka sirahe Efraim menyang sirahe Manasye.

18
וַיֹּ֧אמֶר Lajeng–ngandika H0559
יוֹסֵ֛ף Yusuf H3130
אֶל־ dhateng H0413
אָבִ֖יו bapak–nipun H0001
לֹא־ Boten H3808
כֵ֣ן mekaten
אָבִ֑י bapak–kula H0001
כִּי־ amargi
זֶ֣ה punika H2088
הַבְּכֹ֔ר ingkang–pambarep H1060
שִׂ֥ים Selehaken
יְמִינְךָ֖ tengen–panjenengan H3225
עַל־ wonten
רֹאשֽׁוֹ׃ sirah–nipun

> Ature Sang Yusuf marang kang ramane: “Sampun makaten, rama, awitdene punika ingkang pembajeng, astanipun rama ingkang tengen mugi katumpangna ing sirahipun.”

19
וַיְמָאֵ֣ן Lajeng–nampik H3985
אָבִ֗יו bapak–nipun H0001
וַיֹּ֙אמֶר֙ sarta–ngandika H0559
יָדַ֤עְתִּי Kula–pirsa H3045
בְנִי֙ putra–kula
יָדַ֔עְתִּי kula–pirsa H3045
גַּם־ inggih H1571
ה֥וּא piyambakipun H1931
יִֽהְיֶה־ badhe–dados H1961
לְעָ֖ם dados–bangsa
וְגַם־ lan–inggih H1571
ה֣וּא piyambakipun H1931
יִגְדָּ֑ל badhe–ageng H1431
וְאוּלָ֗ם Nanging H0199
אָחִ֤יו sadherek–nipun H0251
הַקָּטֹן֙ ingkang–anem
יִגְדַּ֣ל badhe–langkung–ageng H1431
מִמֶּ֔נּוּ tinimbang–piyambakipun
וְזַרְע֖וֹ lan–turun–nipun H2233
יִהְיֶ֥ה badhe–dados H1961
מְלֹֽא־ kebak–saking H4393
הַגּוֹיִֽם׃ para–bangsa

> Nanging kang rama ora karsa, pangandikane: “Aku wus weruh engger! Iya wus weruh aku; iku iya bakal dadi bangsa lan gedhe pangwasane, ewasamono adhine bakal ngungkuli kakangne, lan turune adhine bakal dadi golonganing bangsa kang gedhe.”

20
וַיְבָרְכֵ֞ם Lajeng–mberkahi–piyambakipun H1288
בַּיּ֣וֹם wonten–dinten H3117
הַהוּא֮ punika H1931
לֵאמוֹר֒ pangandikanipun H0559
בְּךָ֞ Mawi–sira
יְבָרֵ֤ךְ mberkahi H1288
יִשְׂרָאֵל֙ Israel H3478
לֵאמֹ֔ר pangandikanipun H0559
יְשִֽׂמְךָ֣ Gusti Allah–ndadosaken–sira
אֱלֹהִ֔ים Gusti Allah H0430
כְּאֶפְרַ֖יִם kados–Èfrayim H0669
וְכִמְנַשֶּׁ֑ה lan–kados–Manasye H4519
וַיָּ֥שֶׂם Sarta–mapanaken
אֶת־ (objek) H0853
אֶפְרַ֖יִם Èfrayim H0669
לִפְנֵ֥י wonten–ngajeng H6440
מְנַשֶּֽׁה׃ Manasye H4519

> Bocah loro mau tumuli diberkahi ing dina iku, pangandikane: “Kalawan nyebut jenengmu Israel anggone bakal padha andum berkah, tembunge: Gusti Allah muga ndadekna kowe kaya Efraim lan Manasye.” Mangkono dadine Efraim diprenahake ing ngarepe Manasye.

21
וַיֹּ֤אמֶר Lajeng–ngandika H0559
יִשְׂרָאֵל֙ Israel H3478
אֶל־ dhateng H0413
יוֹסֵ֔ף Yusuf H3130
הִנֵּ֥ה Mangke H2009
אָנֹכִ֖י kula H0595
מֵ֑ת pejah H4191
וְהָיָ֤ה Nanging–badhe–wonten H1961
אֱלֹהִים֙ Gusti Allah H0430
עִמָּכֶ֔ם sareng–panjenengan
וְהֵשִׁ֣יב lan–badhe–mboyong H7725
אֶתְכֶ֔ם panjenengan H0853
אֶל־ dhateng H0413
אֶ֖רֶץ tanah H0776
אֲבֹתֵיכֶֽם׃ leluhur–panjenengan H0001

> Sawuse mangkono Rama Israel banjur ngandika marang Sang Yusuf: “Lah ora suwe maneh aku bakal mati, nanaging Gusti Allah bakal nunggil karo kowe lan kowe bakal padha diulihake menyang tanahe leluhurmu.

22
וַאֲנִ֞י Lan–kula H0589
נָתַ֧תִּי maringi H5414
לְךָ֛ dhateng–panjenengan
שְׁכֶ֥ם Sikhem H7926
אַחַ֖ד satunggal H0259
עַל־ langkung–saking
אַחֶ֑יךָ sadherek–panjenengan H0251
אֲשֶׁ֨ר ingkang
לָקַ֜חְתִּי֙ kula–mendhet H3947
מִיַּ֣ד saking–tangan H3027
הָֽאֱמֹרִ֔י tiyang–Amori H0567
בְּחַרְבִּ֖י mawi–pedhang–kula H2719
וּבְקַשְׁתִּֽי׃ lan–mawi–gandhewa–kula H7198
פ (pemisah paragraf)

> Lan kowe dakpandumi ngluwihi para sadulurmu, gegere gunung kang dakrebut saka ing tangane wong Amori sarana pedhang lan panahku.”